



Dwa Paran dapre
IDEA Pati C

Pou Fanmi Tibebe ak Timoun Piti ki Gen
Reta nan Devlopman oswa Andikap

SA LALWA DI

Lè yon fanmi gen yon timoun ki gen bezwen espesyal, lavi a ka pi konplike pase sa yo te espere.

Pa gen okenn moun ki pi enpòtan nan devlopman yon timoun pase fanmi timoun nan. Se poutèt sa paran an dwe rete an chaj lè li konnen dwa li selon lwa federal la.


Bwochi sa a te ekri pou ede yo reyalize objektif sa a.

Gen yon lwa federal ki rele Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap yo (Individuals with Disabilities Education Act, IDEA) ki kontwole edikasyon espesyal pou timoun ki gen andikap oswa ki gen reta nan devlopman. Pati C nan lwa sa a kouvri sipò pou fanmi ki gen tibebe ak timoun piti, epi garanti sèten dwa, yo rele granti pwosedi. Dwa fanmi yo dapre IDEA kòmanse depi nan pwen referans nan Sistèm Birth to Three (Sistèm Nesans Rive Nan Laj Twa Lane) nan 211 Child Development (Devlopman Timoun 211). Sistèm Birth to Three a pa fè diskriminasyon sou baz ras, kilti, relijyon, nivo revni, oswa andikap.



Si w ta renmen jwenn yon kopi konplè IDEA a, ale sou [Birth23.org](#) epi klike sou "About Us" (Apwopo Nou) epi apresa klike sou "Related Laws and Regulations" (Lwa ak Règleman ki Lye yo); oswa rele nou pou jwenn yon kopi enprime nan [860-500-4400](#).

I IDEA BAY CHAK PARAN PWOTEKSYON KI ANNAPRE YO:



1. DWA POU BAY KONSANTMAN EKLERE ALEKRI :

Yon paran dwe bay pèmisyon alekri anvan yo evalye pitit li a; anvan yo kòmanse oswa chanje sèvis yo; epi anvan yo pataje enfòmasyon sou pitit li a oswa fanmi li avèk nenpòt lòt moun. Anvan yo mande pou li pran desizyon oswa bay konsantman alekri, yo bay yon paran enfòmasyon konplè ak eksplikasyon sou pwogram nan. Yo ka anile konsantman alekri a nenpòt ki lè.

2. DWA POU RESEVWA NOTIFI KASYON ALEKRI :

Yon paran dwe resevwa yon avi alekri nan men pwogram li a anvan nenpòt evalyasyon fèt. Anplis de sa, yo dwe bay yon avi alekri nan yon tan rezonab anvan yo pran nenpòt desizyon konsènan:

- kalifikasyon
- Rankont Pou Plan Sèvis Fanmi Endividyalize (Individualized Family Service Plan, IFSP)
- kòmanse oswa chanje sèvis yo
- refize sèvis yo
- sòti nan Birth to Three

3. DWA POU YON IFSP KOWÒDONE OSWA PLAN SÈVI S FANMI ENDIVI DYALIZE:

Yon ekip devlope yon plan alekri, ki rele IFSP, pou anrejistre rezulta fanmi an pou tèt yo ak pou pitit yo. Li bay yon lis sipò Birth to Three founi ki pral pi byen ede rive jwenn rezulta sa yo epi li dekri ki lè, ki kote, ak ki jan Sèvis Entèvansyon Bonè (Early Intervention Services, EIS) pral fèt. Yon paran ka chwazi rejte kèk sèvis sou IFSP san I pa afekte sa li dakò ak yo a. Yon paran ak lòt manm fanmi travay avèk kowòdonatè sèvis la ak lòt manm ekip pou yo kreye IFSP.

Yon paran ka envite nenpòt moun li vle nan reyinyon IFSP yo, tankou yon avoka. Yo revize IFSP omwen chak sis mwa oswa pi bonè si yo mande sa.

Pwiske Entèvansyon Bonè a konsantre sou sa fanmi yo fè ant vizit yo, chak paran patisipe aktivman nan pwograme lè, dat, ak kote vizit yo ap fèt la ak reyinyon IFSP.

Yon paran ka mande pou yo revize IFSP nenpòt ki lè, menmsi yo te fèk fè yon reyinyon revizyon.

4. DWA POU RESEVWA SÈVIS NAN ANVIWONMAN NATIRÈL:

Anviwonman natirèl yo plis pase kote timoun nan ap viv, aprann ak jwe. Anviwonman natirèl yo se tout aktivite ak woutin timoun yo fè pati de yo nan lavi chak jou lakay yo ak nan kominate yo. Chak paran ak ekip yo vini ansanm ak estrateji ki ka reyalize kòm yon pati nan aktivite regilye sa yo ant vizit Entèvansyon Bonè yo (Early Intervention, EI). Fè ti chanjman epi repete yo pandan tout jounen an ede timoun yo devlope nouvo konpetans. Lè yon vizit dwe fèt nenpòt kote ki pa nan anviwonman natirèl fanmi an, ekip IFSP a dwe bay jistifikasyon alekri nan plan an.

5. DWA POU GEN KONFI DANSYALITE:

Aksè a nenpòt enfòmasyon ki pèsonèlman idantifye timoun nan oswa yon manm fanmi an limite pou sèlman anplwaye Birth to Three yo; oswa oditè eta oswa federal yo oswa ajans akreditasyon yo.

Yon paran dwe dakò alekri anvan yo ka pataje enfòmasyon ki soti nan dosye elektwonik oswa alekri pitit li a avèk nenpòt lòt moun.

6. DWA POU REVIZE AK MODIFYE DOSYE YO:

Yon paran ka mande pou yo enspekte ak revize dosye li a nenpòt ki lè. Pwogram nan gen 10 jou pou li respekte yon demann. Apre li fin revize dosye a, paran an ka mande pou l fè chanjman si li panse yon bagay pa kòrèk oswa pou l ajoute enfòmasyon si dosye a pa konplè. Si pwogram nan pa dakò ak yon demann pou chanje dosye timoun nan, yon paran ka mande yon odyans pou konteste desizyon an. Yon paran ka resevwa yon kopi dosye pitit li a gratis. Pwogram yo ka fè w peye si w bezwen lòt kopi.





7. DWA POU DEPOZE YON PLENT ALEKRI :

Fason ki pi rapid pou rezoud yon enkyetid se pale ak kowòdonatè sèvis fanmi an, direktè pwogram nan, oswa ajans prensipal Birth to Three a. Si yon paran santi yo te vyole dwa li oswa te gen yon vyolasyon lalwa, paran an gendwa depoze yon plent alekri ki siyen nan Biwo pou Timoun Pitit (Early Childhood Office, OEC) lan kòm ajans prensipal Sistèm Birth to Three a. Ou ka voye plent lan nan imèl bay CTBirth23@ct.gov oswa pa lapòs bay:

Connecticut Birth to Three System
450 Columbus Blvd., Suite 205
Hartford, CT 06103

Ou dwe voye yon kopi plent alekri a bay pwogram Birth to Three a tou. Li pi bon si li soti nan men paran an, men ajans prensipal la ka ede si sa ta preferab.

Ajans prensipal la ap mennen ankèt sou plent alekri a epi l ap reponn alekri nan swasant (60) jou kalandriye apre li resevwa plent lan. Pandan y ap rezoud dezakò a, fanmi an ka chwazi pou l kontinye resevwa sipò El jan sa detaye nan IFSP aktyèl la sof si paran an ak ekip la dakò pou chanje plan an.

8. PWOSÉSIS POU REZOULD DISPIT:

Yon lòt fason pou rezoud dezakò oswa notifye Birth to Three lalwa ka te vyole se mande medyasyon oswa yon odyans. Medyasyon pèmèt yon paran ak anplwaye pwogram yo pale sou detay dezakò a avèk yon medyatè san patipri, ki resevwa fòmasyon. Medyatè a pral travay avèk paran an ak pwogram lan pou jwenn yon solisyon ki adapte ak toulede epi li pral ekri kondisyon ki nan akò a. Yon paran ka kontakte OEC tou, pou l mande yon odyans sou pwosedir regilye. Sa a se yon pwosesis ki pi fòmèl ki fèt devan yon ofisyé odyans san patipri. Tipikman, yon paran ap gen yon avoka ki reprezante li, epi yon Asistan Pwokirè Jeneral pral reprezante Sistèm Birth to Three a.

Yon kopi Medyasyon nan Sèvis Entèvansyon Bonè (Mediation in Early Intervention Services) oswa yon lòt bwochi ki rele Odyans sou Pwosesis Ekitab (Due Process Hearings) ap disponib sou demann. Pou jwenn yon kopi, senpleman voye yon imèl bay CTBirth23@ct.gov oswa rele 860-500-4400.




OU GEN KESYON?

Pou jwenn plis enfòmasyon sou dwa paran yo, premyeman, pale ak kowòdonatè sèvis la, yon moun nan ekip la, oswa yon sipèvizè oswa direktè nan pwogram nan. Pou pale ak yon lòt paran, kontakte:

CONNECTICUT PARENT ADVOCACY CENTER

860-739-3089



338 Main Street
Niantic, CT 06357

CPACInc.org • cpac@cpacinc.org

Yon paran kapab kontakte Biwo pou Timoun Piti (Office of Early Childhood, OEC) tou, kòm ajans prensipal Bith to Three pou IDEA Pati C nenpòt ki lè.

CT OFFICE OF EARLY CHILDHOOD

860-500-4400

BIRTH TO THREE SYSTEM

450 Columbus Boulevard
Suite 205
Hartford, CT 06103



Birth23.org • CTBirth23@ct.gov



Pwodui sa a te devlope grasa finansman Depatman Edikasyon Etazini te bay dapre Lwa sou Edikasyon pou Moun ki Gen Andikap yo.

